# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–10 अप्रैल 2025 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ अउर भारत सरकार क कंज्यूमर अफेयर्स अउर फूड एंड पब्लिक डिस्ट्रिव्यूशन मिनिस्टर प्रहलाद जोशी आजु पीएम सूर्य घर मुफ्त बिजली योजना, पीएम कुसुम योजना अउर रबी विपणन बरिस दुइ हजार पच्चीस–छब्बीस के तहत गोहूं खरीदि के लेके संयुक्त समीक्षा बइठकी कइलें। मुख्यमंत्री केन्द्रीय मंत्री के बतउलें कि प्रधानमंत्री के भावना के हिसाबि से उत्तर प्रदेस सोलर एनर्जी अउर गोहूं खरीदि मे अच्छा कार कइ रहल हवे। ओहीं केन्द्रीय मंत्री प्रहलाद जोशी यूपी के परदरसन बदे मुख्यमंत्री के बधाई देत कहले कि प्रदेस सरकार बढ़त उरजा मांग के अनुरूप कार करत पूरा देस बदे आजु मॉडल बनि रहलि हवे। मुख्यमंत्री सज्जो योजनन के प्रगति के बारे में केन्द्रीय मंत्री के विस्तार से जनकारी दिहलें–

**पीएम सूर्य घर योजना को लेकर मुख्यमंत्री ने केन्द्रीय मंत्री प्रहलाद जोशी को बताया कि उत्तर प्रदेश में योजना के अंतर्गत 10 लाख से अधिक आवेदन प्राप्त हुए हैं, जिसके सापेक्ष एक लाख से ज्यादा इंस्टॉलेशन पूर्ण कर लिए गए हैं। उन्होंने यूपीनेडा के अधिकारियों को निर्देश दिया कि जिन लोगों ने भी योजना के अंतर्गत आवेदन किया है सभी को अभियान चलाकर शीघ्र सोलर एनर्जी से जोड़ा जाए।**

**–पीएम कुसुम योजना की समीक्षा करते हुए मुख्यमंत्री ने कहा कि उत्तर प्रदेश निजी पंप सोलराइजेशन में देश में प्रथम है। उन्होंने निर्देश दिये कि निजी नलकूपों के सोलराइजेशन के लिए मिशन मोड में कार्य किया जाए। जल्द से जल्द सभी को सोलर पैनल से आच्छादित किया जाए। मुख्यमंत्री ने निर्देश दिए कि प्रदेश के सभी 17 नगर निगमों में सोलर पार्क विकसित किए जाएं। इसके लिए नगर निगम भूमि उपलब्ध कराएं। इसके साथ ही नगरों की स्ट्रीट लाइट्स को भी सोलर पार्क से जोड़ा जाए। समाचार कक्ष से मैं अरूण।**

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ प्रदेश के कई गो इलाकन में हो रहलि आन्ही, बरखा अउर ओला के देखत संबंधित जिलन के अधिकरियन के पुरहर तत्परता से राहत कार कइले क निरदेस दिहले हवें। उहां के कहलीं कि अधिकारी इलाका में घूम के सर्वे करें अउर राहत कार पर नजरि रक्खें। मुख्यमंत्री कहलें कि अकासीय बिजुली, आन्ही, तूफान, बरखा अउर बज्रपात आदि से जनहानि अउर पशुहानि भइले के हालति में जुरते प्रभावित मनइयन के राहत रासि बांटल जाए। उहां के निरदेसित कइलीं कि गोहू के सरकारी खरीदि के देखत मंडियन के लेके सज्जों खरीदि केन्द्रन पर गोहू के सुरक्षित भंडारन क पुरहर धियान रक्खल जाए।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बिहने एक दिवसीय दौरा पर अपने संसदीय क्षेत्र वाराणसी आइहें। उहां के इहां तीन हजार आठ सौ अस्सी करोड़ रूपिया से बेसी लागत वाली विकास परियोजनन क सिलान्यास अउर उद्घाटन करिब। ऐहमें वाराणसी रिंग रोड़ सारनाथ के बिच्चे एगो सड़क पुल, सहर के भिखारीपुर अउर मडुआडीह क्रांसिग पर फ्लाई ओवर अउर वाराणसी अंतरराष्ट्रीय हवाई अड्डा पर नौ सौ अस्सी करोड़ रूपिया से बेसी के लागत वाली एगो राजमार्ग अंडरपास सड़क सुरंग आदि क सिलान्यास आ लोकार्पण क कार सामिल हौ। प्रधानमंत्री जनसभो के संबोधित करिहें। उनकरे आगमन के लेके तइयारी जोरियाइल बा।

**********

अजोध्या के अवध विश्वविद्यालय में आयोजित महिला जन प्रतिनिधियन के प्रशिक्षण कार्यक्रम में राष्ट्रीय महिला आयोग क अध्यक्ष विजया रहाटकर भी सामिल भइलिनि। ऐह मौका पर उहां के कहलिन कि राज्य महिला आयोग के लग्गे बहुते अधिकार हवे जेकरे जरिया से समाज के आखिरी मेहरारू ले पहुंच के ओन्हे मजबूत बनावल जा सकेला। उहां के बियाह से पहिले संवाद केन्द्र बनवले पर जोर दिहलिन।

**राष्ट्रीय महिला आयोग ने एक नई पहल करी है वो है प्री मैरिटल कम्युनिकेशन सेंटर विवाह पूर्व संवाद केन्द्र हमने शुरू करे है की हैप्पी मैरेज के लिए फैमिलीबिंग के लिए इसका काफी अच्छा उपयोग हो सकता है और ये जो नई पहल है ये अभी आने वाले जो विवाह योग्य जो युवा पीढ़ी है उनके लिए काफी अच्छा मार्गदर्शन करेगे ऐसा हमारा मानना है।**

**********

महावीर जयंती पर आजु प्रदेस के कइ गो जिलन के जैन मंदिर के लके कइ गो जगहिन पर कार्यक्रमन क आयोजन हो रहलि हवे। ऐह मौका पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ अपने बधाई सनेसा में कहलें हवे कि भगवान महावीर क सत्य अउर अहिंसा क सनेसा ऐह समय अउरियों अधिक प्रासंगिक हवे। उहां के कहली कि भगवान महावीर के बतावल राहि पर चल कर ही हमसब मानवता क सेवा कइ सके ली।

**********

प्रदेस के ढेरि जिलन मे काल्हि से सुरू भइल तेज बयारि के साथे बरखा क सिलसिला अजुओ जारी बा। गोरखपुर, महराजगंज, कुशीनगर, बस्ती, संतकबीरनगर, आजमगढ़, बनारस के लेके पूरबी अउर पच्छिमी इलाकन में रहि–रहि के बरखा हो रहल हवे। तापमान में दुइ से चारि डिग्री सेल्सियस क गिरावट दरज कइल गइल हौ। मौसम विभाग के हिसाबि से अगिला दुइ दिनन ले मौसम ऐही तरियन बनल रही।

**********